WIKIPÉDIA

Basa Latin

Basa Latin iku basa Italik sing asalé saka Latium, siji tlatah ing Italia saidenging kutha Roma. Jaman saiki basa Latin isih dienggo dadi siji basa liturgis kanggo wong Katulik lan basa sains.

Basa Latin (*Lingua Latina*)	
Dipituturaké ing:	basa mati
Panutur ibu:	*Ora ana*
Rumpun basa Klasifikasi:	Indo-Éropah Basa Kelto – Italik Basa Italik **Basa Latin**
Status resmi	
Basa resmi:	*Vatikan*
Diatur déning:	Ora ana
Kodhe basa	
ISO 639-1:	la
ISO 639-2:	lat
SIL:	LAT

Isi

Sawetara Karakteristik

Karakteristik utama basa Latinyaiku anané kasus. Sajeroning basa Latin ana 6 kasus:

1. kasus nominatif
2. kasus génitif
3. kasus datif
4. kasus akusatif
5. kasus vokatif
6. kasus ablatif

Saliyané iku ana siji kasus manèh:

1. kasus lokatif

Paramabasa Latin

1. Tembung aran Basa Latin

Basa Latin duwé limang golongan tembung aran.

Basa Roman

Basa Latin Rakyat (sajeroning basa Latin *sermo vulgaris* utawa "basa rakyat") sing dituturake déning antarané bala wadya Romawi dadi basa pengantar ing laladan krajan. Ing sawatara panggonan, basa iki malah nggantèkaké basa saenggon. Basa-basa turunan saka basa Latin iki ingaran basa Roman, nanging basa

Latin dhéwé dudu basa Roman. Basa Latin kalebu kulawarga basa-basa Italik.

Aksara Latin

Basa Latin ditulis nganggo abjad Latin sing dadi wangun tulisan sing paling akèh dianggo ing donya. Pirsani Aksara Latin kanggo katrangan luwih pepak.

Uga delengen

- Pratélan ukara Latin

Èdhisi Latin saka Wikipédia, bauwarna bébas

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Latin&action=edit).